# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIM

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2018- jıl yanvar-iyunda Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha jalpı aymaqlıq ónim (keyingi orınlarda JAÓ) kólemi hárekettegi bahalarda 4 947,9 mlrd. sumdı quradı hám 2017- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 3,5 % ke ósti.

2018- jıldıń yanvar-iyun ayları juwmaqları boyınsha xalıqtıń jan basına JAÓ 2 677,6 mıń sumdı quradı hám bul kórsetkish ótken jılǵa salıstırǵanda 2,1 % ke astı.

### Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ di islep shıǵarıw

| | *mlrd. sum* | | *2018- jıl yanvar-iyunǵa salıstır-ǵanda % te* |
|---|---|---|---|
| | *2017- jıl yanvar-iyun* | *2018- jıl yanvar-iyun* | |
| **I. JAÓ** | **3 511,5** | **4 947,9** | **103,5** |
| *sonnan:* | | | |
| Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 3 276,8 | 4 375,9 | 103,5 |
| Ónimlerge bolǵan salıqlar | 234,7 | 572,0 | 104,6 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **3 276,8** | **4 375,9** | **103,5** |
| Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı | 323,1 | 442,0 | 102,6 |
| Sanaat (qurılıstı qosqan halda) | 1 279,8 | 1 953,2 | 103,4 |
| sanaat | 983,1 | 1 587,2 | 104,0 |
| qurılıs | 296,7 | 366,0 | 101,5 |
| Xızmetler | 1 673,9 | 1 980,7 | 103,7 |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 289,5 | 360,3 | 103,5 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs | 366,5 | 410,1 | 104,9 |
| basqa xızmet túrleri | 1 017,8 | 1 210,3 | 103,3 |

Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikanıń tiykarǵı tarawlarında gúzetilgen ósim pátleri JAÓ ósiwinde tiykarǵı faktor bolıp xızmet qıldı. Sanaat (qurılıstı qosqan halda) – 103,4 % (JAÓ quramındaǵı úlesi 44,7 %), tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs – 104,9 % (9,4 %) hámde xızmetler tarawı – 103,7 % (45,2 %).

**2018- jıl yanvar- iyunda JAÓ niń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ósim pátleri**



Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikasınıń barlıq tarawlarında jaratılǵan jalpı qosılǵan qun (JQQ) kólemi jámi JAÓ niń 88,4 % in, ónimlerge bolǵan salıqlar bolsa 11,6 % in quradı.

Awıl, toǵay hám balıqshilıq xojalıǵı JAÓ niń tarawlar boyınsha quramındaǵı úlesi 0,2 % punktke kemeydi hám esabat dáwirine 10,1 % ti quradı. Sanaat (qurılıstı qosqan halda) tarawdıń úlesi 5,6 % ti quradı. Xızmetler tarawınıń JAÓ quramındaǵı úlesi 2018- jıl yanvar-iyunda 45,2 % ti quradı hám 2017- jıl tiyisli dáwiri (51,0 %) menen salıstırǵanda 5,8 % punkitke kemeydi.

***Jalpı aymaqlıq ónimniń tarawlar boyınsha quramı (jámige salıstırǵanda %):***

**2017 jıl yanvar-iyun**




**2018- jıl yanvar-iyun**



Sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerdiń JAÓ quramındaǵı úlesi 8,2 % ti (2017 j. - 8,8 %), tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs - 9,4 % ti (11,2 %), xızmet kórsetiwshi basqa tarawlar – 27,6 % ti (31,0 %) quradı.

**Xızmetler tarawınıń jalpı qosılǵan qun quramı**
**(jámine salıstırǵanda payızda):**




***Statistika jumısların shólkemlestiriw hám ulıwmalastırılǵan málimleme-tallaw jumısları bólimi***
**Tel: (0-361) 222-74-58**
**(0-371) 230-82-03**